

Pak Elektoral

- Atik-8** Mwen pran angajman e mwen pral travay pou Ayiti reprann dwa grandèt majè l, sa vle di peyi papa Dessalines nan pa dwe okipe pou kelkeswa rezon an.
- Atik-9** Si mwen pase nan eleksyon an, m pwomèt pou m retounen nan kominote a de manyè peryodik e chak fwa kominote a mande sa, pou m chita pale ak mandanm yo. M'ap kenbe yo enfòm sou tout aksyon ak desizyon m'ap pran nan pòs m ap genyen an.
- Atik-10** Si m pa eli, m'ap fè menm jan an. M'ap kontinye travay nan kominote a pou m ka gen konfyans elektè yo nan yon lòt eleksyon.
- Atik-11** Si m pa respekte angajman sa yo mwen pap retounen vinn mande kominote a vòt yo pou kelkeswa pòs la nan Leta a.

Dokiman sa fèt e siyen nan dat.....nan

lokalite.....Seksyon Kominal.....

Komin.....ki nan Depatman.....

.

Siyati Kandida

Siyati Reprizantan Kominote a

PAK ELEKTORAL

**ANN KORE ELEKTÈ YO POU N
KORE DEMOKRASI**

**BUREAU DES
AVOCATS
INTERNATIONAUX**  **INSTITUT POUR LA
JUSTICE
& LA DEMOCRATIE
EN HAÏTI**

3, 2^{ème} Impasse Lavaud
Port-au-Prince , Haïti
Tels: (509) 2943-2106 / 2107
E-Mail: avokahaiti@ijdh.org
www.ijdh.org

Pak Elektoral

Ant

.....Kap patisipe nan
eleksyon 2015 yo kòm Kandida pou pòs.....,yon bò,
E
Kominote Kap Viv nan Lokalite.....Seksyon
Kominal.....Komin.....
Depatman.....,Yon lot bò:

PREMYE KOZE

NOU REKONÈT E NOU ANTANN SOU PWEN SA YO :

Leta ayisyen genyen obligasyon pou respekte e fè respekte dwa moun ak diyite moun kelkeswa mak fabrik sistèm ekonomik oubyen sistèm politik l'ap aplike.

Ayiti siyen epi ratifye Pak Entènasyonal ki gen pou wè ak dwa sivil e politik (PIDSP) nan dat 6 Fevrye 1991, Pak Entènasyonal ki gen pou wè ak dwa ekonomik, sosyal epi kiltirèl (PIDESC) nan dat 31 Janvyè 2012 epi konvansyon ki gen pou wè ak dwa Timoun nan dat 8 jen 1995.

Diyite moun se bagay li fèt avèk li, pèsonn pa ka negosye l. Pwogwam politik ak pwogwam gouvènmantral yo ka chanje, men Diyite moun pa janm chanje, li rete menm jan nan tout tan nenpòt kote l'ap viv nan peyi a.

Dwa Moun se yon bagay ki endivizib epi inalyenab. Tout moun dwe viv egal ego san diskriminasyon kelkeswa ras li, ideyoloji politik li, koulè li, sèks li, oryantasyon seksyèl li, andikap li, elatriye...

Nou rekonèt Leta pa kapab bay priyorite sèlman ak dwa sivil e politik yo, paske sa pa ka jistifye kote moun yo ap viv nan povrete, nan lamizè.

Nou rekonèt tou obligasyon Gouvènman ayisyen an genyen pou l respekte Dwa Moun, pou l fè pwomosyon epi pwoteje yo. Obligasyon sa yo pa vle di LACHARITE, ni bon zèv, yo chita sou baz legal an nakò ak trete Entènasyonal yo sou Dwa Moun ak Konstitisyon 1987 la.

Pak Elektoral

Mwen MenmKandida pou pòs

.....,Mwen rekonèt e m'ap angaje pou m
respekte e fè respekte Dwa ledikasyon ak Dwa lasante jan sa ye nan
Konstitisyon 1987 la ak trete, Konvansyon, akò Ayiti siyen epi ratifye.

- Atik-1** Mwen rekonèt dwa ledikasyon se yon dwa tout moun genyen, map respekte e map fè respekte dwa sa a ki nan atik 22, 32, 32.1, 32.2, 32.3, elatriye selon konstitisyon 1987 la e atik 13, 14 e 15 pak Entènasyonal sou dwa Ekonomik, Sosyal, ak Kiltirèl (PIDESC) pou tout Timoun jwi dwa sa yo.
- Atik-2** Mwen rekonèt dwa lasante se yon dwa tout moun genyen, m'ap respekte e m'ap fè respekte dwa sa a ki nan atik 19, 23 Konstitisyon 1987 la e atik 12 pak Entènasyonal sou dwa ekonomik, Sosyal, ak Kiltirèl (PIDESC). Lè m eli m'ap degaje m tankou mèt Janjak pou tout ayisyen jwi dwa lasante yo e pandan peryòd manda m nan, konstriksyon bon jan sant sante ak lopital ap pi gwo priyorite m.
- Atik-3** Mwen rekonèt pou tout Timoun jwenn asistans medikal ak swen sante ki nesèsè. Dwa pou y al lekòl, se yon dwa fondanatal, lekòl fondamantal obligatwa epi gratis
- Atik-4** Pandan Kanpay elektoral la m'ap fè pwomosyon pou dwa lasante ak dwa ledikasyon respekte, se yon fason poun di jenerasyon dwa Moun sa yo youn pa mache san lòt.
- Atik-5** Mwen pran angajman pandan kanpay mwen poum fè pwomosyon pou dwa lasante ak dwa ledikasyon, lè m eli mwen pral travay tankou mèt janjak poum fè dwa sa yo respekte, pou tout timoun al lekòl, pou tout moun jwenn bonjan swen lasante
- Atik-6** Mwen dakò e mwen rekonèt règ jwèt la se demokrasi, Dwa Moun ak diyite moun, se poutèt sa, Mwen dakò pou m fè kanpay mwen nan kad yon pwogram ki respekte diyite ak dwa moun, si mwen pase map mennen manda m nan nan respè dwa moun epi diyite moun.
- Atik-7** Mwen rekonèt egalman se Nasyon Zini ki pote Kolera an Ayiti, pandan kanpay elektoral la m'ap denonse move Konpòtman Nasyon Zini ki pa vle pran responsablite l. Lè m eli mwen pral batay pou fòse Nasyon Zini pran responsablite li pou l dedomaje tout viktim kolera yo. Men tou mwen pral patisipe pou pouse Leta ayisyen pou mete anplas enfrastruktir sanite ak dlo potab.